www.xtrapapers.com



Diploma Programme
Programme du diplôme
Programa del Diploma

# Shona A: literature – Standard level – Paper 1
# Shona A : littérature – Niveau moyen – Épreuve 1
# Shona A: literatura – Nivel medio – Prueba 1

Wednesday 10 May 2017 (afternoon)
Mercredi 10 mai 2017 (après-midi)
Miércoles 10 de mayo de 2017 (tarde)

1 hour 30 minutes / 1 heure 30 minutes / 1 hora 30 minutos

---

**Instructions to candidates**

- Do not open this examination paper until instructed to do so.
- Write a guided literary analysis on one passage only. In your answer you must address both of the guiding questions provided.
- The maximum mark for this examination paper is **[20 marks]**.

**Instructions destinées aux candidats**

- N'ouvrez pas cette épreuve avant d'y être autorisé(e).
- Rédigez une analyse littéraire dirigée d'un seul des passages. Les deux questions d'orientation fournies doivent être traitées dans votre réponse.
- Le nombre maximum de points pour cette épreuve d'examen est de **[20 points]**.

**Instrucciones para los alumnos**

- No abra esta prueba hasta que se lo autoricen.
- Escriba un análisis literario guiado sobre un solo pasaje. Debe abordar las dos preguntas de orientación en su respuesta.
- La puntuación máxima para esta prueba de examen es **[20 puntos]**.

2217 – 0643



© International Baccalaureate Organization 2017

International Baccalaureate
Baccalauréat International
Bachillerato Internacional

www.xtrapapers.com



Nyora mhenenguro yendima **imwe** chete. Unosungirwa kushandisa mibvunzo miviri inoenderana nendima yawasarudaza kuumba mhenenguro yako.

**1.**

Ndigowanikwa here ndosunga mikwende yangu ndoti ndoenda kumusha kwangu ini ndaguma ura kudai? Ndigowanika here ndonogara pamusha pehanzvadzi dzangu dzatovawo nemhandara dzakaroorwa namajaya akatoroora? Nezera rangu rino ndokunosvikoti mumba momuroora pfe pfe pfe? Dai VaZizi naVaMutero vachiri vapenyu ndaiti pakagoipei? Ndaingonosvikotiwo zvangu aiwa, zvokwedu zvatikona Mhofu, dai machingondipawo zvenyu chikandiwa chenzungu. Zvino pandinonoti dukwa iye zvino musoro wachena kudai ndapaani? Iyo nyika igoti chii? Nyangwe vachindida zvangu ivo vanahanzvadzi hazvingasanzi ndiyo miedzo? Handiti vanobva vatozowana rokutaura voti, "Takambokuudza, haunzwi?" Idzo nharo dzanguwo nhai! Kana rwuri irwo rudo, aiwa, runoparira chokwadi. Kutiza zvangu chikoro ndichiti ndawana murume anondiwana.

Vahanzvadzi Cuthbert naRuka vakanga vanyatsoti, "Dai wambomira wasvitsawo makore gumi namapfumbamwe uchifanopindawo chikoro, iye murume wako uyu zvawati haaseenzi, kana nesu tingamutsvagire basa medu muHarare umu. Hauoni kuti makore gumi namanomwe pachiri patete?"

Akagovanzwa ndiani? Ndakanga ndadaka zvangu munhu wangu.

Mai vangu VaZizi vakadoti, "KwaChimbimu kwawada uku, tichakunzwira. Tine hama dzedu dziri maZheke dzinongoti baba vopo vanodya moto kuti hicha. Ko, kuzonowanirwa Njanja uko, imo muManyene muno washaya here?"

Zvaiva nani vamupurisa kuti popi yembwa inotererwa? Kuti inobata tsuro here? Musikana ndakanga ndasungira magavhu, ngoma yakanga yarira kare, kunze kwaenda.

"Kana ukanoona zvakunetsa udzoke, hauna kusiya wapisa musha mwana wehanzvadzi," vatete vakandiudza vondisiya nechinun'una changu pabhazi raVito.

Yakanondibvumburudza tsvuku imo mumba maVaNhanga asi ndikashivirira. Mazarura kuonda kuita ruswa ashaya kuti onokanda matsvakiraikuno nei. Ko, ivo VaChimbimu ndipo pavaigomunzwa here? "Wamutsa tsuro ndeyake!" vaidaro, iro danga rakati shaku nemombe. Mazarura ndipo paakazonotorawo vamwe babamukuru vokurudzi rwavo muraini rokwaMudzinganyama mhiri kwaMwerari ndokutinha madhonza aVaNhanga matatu nemhou imwe chete vokwira Manyene. Sare ini naVaNhanga tatarisana nechoto.

Ndipo pandingadai ndakadzokera kumusha kwangu ipapo…

Charles Mungoshi, *Kunyarara Hakusi Kutaura* (1983)

(a) Tsoropodza makakatwana ekunze nearimukati muchindima.

(b) Ndezvipi zvidavado zvasevenzeswa nomunyori kuti zviri kunzwika neanotaura muchindima zvinzwikwevo nomuverengi?

www.xtrapapers.com



**2.**

**Nhaka**

Haisiri hanzu inokuuriranwa
Kana pfuko yedoro inosvitsanwa
Handi mukonde wesadza unosiiranwa
Kana pfuma yenhaka inorairanwa
Mukadzi munhu anosiiwa panofa murume
Chirikadzi handi mbatya inogohwa kana kunhongwa
Varunyana, vazukuru, bvirai kure!

Muroyi – chisvaturo – chimwaropa
Rameki akakangwa rakacheka nyika
Nhasi gumbo tede mumanyuchi
Chigayo paMurove apa
Sabhabha dhandanda kuGweru uko
Bva, zvikomba zvochijakanya
Ndiwo andakagadzikwa pakafa Rameki.

Handina chakanditokonya
Rameki ndakamupiwa nokutorerwa naMwari
Tichiri tese zvataive yaive pfimbi yevaviri
Paakaenda rangu bhuku ndakavhara.
Ndaigoverengei mavara adzima?
Ndakazvida nokuva Serina mudiwa
womushakabvu Rameki.

Murunyana kana muzukuru havaizoita Rameki
Ndakatarisa varunyana ndikaona vari vana vangu
Vazukuru dzaitove pwere dzandaidzoresa mbudzi
Rameki ndakamuringisa ndikamushaya zvachose
Hapanazve Rameki aizofa akafamba panyika
Zvandaimudira aive atora aenda nazvo
Zvaaindidira akabva aenda nazvo mupfungwa dzake

Ko, murunyana kana muzukuru aizoita chii pandiri?
Ndakadzamisa pfungwa pavanhu ava
Kuda ini here kana kuti ruchiva?
Ipfuma here inodiwa kana ini pachangu?
Itsika here yakaroverwa pachivanhu?
Kundishora here kuti, handingazviraramisi?
“musazvinetse, ndichaedza kuzvibatsira”
zvakavakahadzisa zvikavasvota.

Pelda Hove, *Ngatisimuke* (1998)

(a) Musoro wabatsira sei kunzwisisa zvinotaurwa munhetembo?

(b) Ndezvipi zvidavado zvashandiswa nanyanduri kuburitsa pfungwa uye zviri kunzwa chirikadzi.